

Tranzisyon Pou Etidyan Ki Gen Andikap Defann tèt ou Nan Lekòl Elemantè ak Lekòl Segondè

Kijan yo Jwenn sa w Bezwen

Ou ta dwe toujou kapab gen akomodasyon ou bezwen yo nan lekòl pou enfimite w la oswa bezwen swen medikal. Pafwa li jis pran kèk efò siplemantè pou jwenn sa ou bezwen. Lè w gen yon andikap sa pa vle di ou pa ka fè osi byen pase lòt timoun yo nan lekòl. Ou gen menm dwa avèk lòt moun pou reyisi! Dapre lalwa, chak lekòl gen yon pwosesis - yon fason fikse - pou kapab pale ak pwofesè yo ak lòt moun sou sa ou bezwen. Pafwa sa se adrese atravè yon plan fòmèl yo rele Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) oswa yon plan 504.

Etap 1: Evalye sa w bezwen.

Chita avèk paran ou epi deside ki akomodasyon ou bezwen ki baze sou andikap ou, tankou plis tan nan tès, yon moun k ap pran nòt, oswa de (2) gwoup liv. Chwazi sèlman akomodasyon ki nesèsè pou andikap ou. Pa egzanp, si ou konnen ou pa bezwen yon pwogram sou òdinatè ou ki li liv yo pou ou, pa mande pou li. Moun ki genyen andikap diferans bezwen bagay ki diferan. Lè w sèvi avèk mwens akomodasyon pandan ke yo nan lekòl la ap ede ou prepare pou edikasyon apre lekòl segondè oswa fòmasyon, kote yo pèmèt mwens akomodasyon.

Etap 2: Jwen yon resous ki itil nan lekòl la.

Sa a kapab yon pwofesè, yon vis-direktè lekòl la, yon espesyalis tranzisyon, oswa konseye ki vle travay avèk ou epi asire ou jwenn sa w bezwen. Mande lòt timoun ki pran akomodasyon nan lekòl kisa ki mache pou yo, oswa pale ak direktè lekòl la sou sa ki disponib. Yon fwa ou jwenn yon resous itil, fè yon reyinyon ak moun sa a epi wè kisa yo ka fè ede ou defann tèt ou.

Etap 3: Pale ak pwofesè w yo

Eseye fè yon reyinyon ki gen ladan tout pwofesè ou yo, paran ou, espesyalis tranzisyon, ak lòt moun ki ede ou nan lekòl la. Avèk èd nan paran ou ak lòt moun, ou ka defann tèt ou. Pwofesè yo gen otorite jeneral nan saldeklas la, se pou rezon sa a li enpòtan pou yo konprann bezwen ou yo. Si yon reyinyon pa posib, fè paran ou ekri yon lèt. Si ou nan lekòl segondè, ale pale ak pwofesè ou yo epi fè yo konnen yo ka kontakte paran ou avèk nenpòt kesyon. Si yon pwofesè IDEA pa vle travay avèk ou, pale ak yon moun nan administrasyon lekòl la - tankou direktè-a oswa Direktè Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl (ESE) - sou pwoblèm nan. Pwofesè yo dwe jis avèk tout etidyan yo.

Etap 4: Fè yon reyinyon swivi.

Plizyè fwa pandan ane lekòl la ou ta dwe vin wè espesyalis tranzisyon ou oswa lòt manb pèsònèl resous, epi fè yo konnen ki jan tout bagay ap mache. Nan mitan ane a ou ta dwe gen yon reyinyon ak paran ou yo ak pèsònèl resous yo, epi eseye gen yon pwofesè a prezan pou pale sou sa kap mache pou ou ak kisa ki pa mache.

Lòt kalite pledwaye pou tèt ou epi resevwa sa ou bezwen:

- Konnen ki andikap ou genyen defason pou w ka eksplike sa a bay pwofesè oswa lòt moun, si sa nesèsè.
- Enfòmasyon sou sante ou se enfòmasyon konfidansyèl; se desizyon pa ou sou kisa ou vle pataje. Pwofesè yo ak lòt pèsònèl lekòl yo oblije respekte vi prive yon etidyan.
- Genyen yon diferans pafwa ant defann pou sa ou vle ak defann pou sa ou bezwen pou kapab fè devwa lekòl ou yo. Si w pa si, mande yon zanmi, yon paran oswa yon pwofesè si yo panse se yon bagay ou bezwen pou kapab fè devwa lekòl ou yo. Ou ka toujou defann sa ou vle nan lòt zòn men li ka fè plis sans fè li nan yon tan diferan oswa avèk moun diferan.
- Mande pou tan ki pi long pou egzamen ofisyèl, si sa nesèsè - ki gen ladan Tès SAT, ACT ak AP. Konnen gen se yon pwosesis fòmèl pou resevwa akomodasyon sou plizyè ekzamen ofisyèl yo ki pral nesèsè pou fè demann ou kèk semèn jiska plizyè mwa alavans.
- Si ou santi yon elèv pa konprann andikap ou, eseye pale ak yo e wè si ou kapab louvri zye yo sou bon jan moun ou ye an. Si sa pa mache, ou pa bezwen pè pou pale ak yon pwofesè oswa yon administratè (tankou yon prensipal oswa Direktè ESE) sou sa.
- Si ou santi nenpòt ki granmoun te maltrete, ale nan moun ou fè konfyans SAN PÈDI TAN.
- Gen lòt timoun kap pase menm bagay avèk ou, alò eseye pou pa pè eksprime sa yo panse nan tèt ou.
- Rete fyète pou ki moun ou ye...toujou!